"Tastıyıqlayman"
Qaraqalpaqstan Respublikası
Mektepke shekemgi hám mektep
bilimlendiriw ministrligi
Respublikalıq bilimlendiriw
orayı direktorı w.w.a
N.Fayzullaev ____________

# Qaraqalpaqstan Respublikası ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde 5-9 -klaslar ushın qaraqalpaq tili hám ádebiyatı páni oqıw baǵdarlaması

NÓKIS-2024

**Ana tili páni boyınsha úzliksiz bilimlendiriw sistemasın pitkeriwshilerge qoyılatuǵın májbúriy minimal talaplar**

**Bilimler:**

Grammatikalıq bilimler: fonetika, leksikologiya, sózdiń qurılısı, sóz jasaw, morfologiya, sintaksis, jazıw hám imla, irkilis belgileri, baylanıslı sóylew, sóylew stilleri, stilistikaǵa baylanıslı túsinikler, olardıń ayrıqsha belgileri, túsinikler menen baylanıslı grammatikalıq atamalardı biliw .

**Kónlikpeler:**

Sóylew seslerin hám háriplerdi, dawıslı hám dawıssız seslerdi, uluwma ortaq sózlerdiń ha\m terminlerdiń, adebiy til ólshemleri hám dialektlik sózlerdiń ózgesheliklerin, sózliklerdiń túrlerin, sózlerdiń túsindirme hám grammatikalıq mánilerin, túbir hám dórendi sózlerdi, sóz shaqapların: mánili hám kómekshi sózlerdi, sóz hám sóz dizbeklerin, sóz dizbekleri menen gápti, gáp aǵzaların, gáptiń mánisine hám maqsetine qaray túrlerin, jay hám qospa gapti, tekst hám olardıń túrlerin, kórkem shıǵarmalarda sózdiń tuwra hám awıspalı mánisin ajırata alıwı, awızeki hám jazba túrde sózlerdiń funkcionallıq uslublarǵa say qollana alıwları, mániles, kóp mánili, sinonim, antonim, omonim, paronim, túbirles sózlerdi, danalıq sózlerden orınlı paydalana alıwı, awızeki hám jazba túrde sóylewde grammatikalıq máni jasawshı kórkemlew qurallarıń tańlay alıwı, sinonimlik hám stillik múmkinshiliklerden paydalana alıwları, gápte sózlerdiń orın tártibine itibar beriwi, gáp aǵzaların túrli shaqaplarına tiyisli sózler, ózlestirilgen sózler, sóz dizbekleri hám citatalar arqalı kórkemlep bere alıwları, gáptıń túrlerinen, qaratpa sóz, kiris sóz, sóz dizbeklerinen durıs paydalana alıw, birgelkili aǵzalar, gáptiń ayırımlanǵan aǵzalı gáplerden, qospa gáptiń túrleri, tuwra hám ózlestirilgen gáplerden paydalana alıwı; bayan, is qaǵazları, referat, maqala, xabar, maǵlıwmat jaza alıwı, jazba jumıs ushm material toplay alıwı, toplanǵan maretiallardı belgili bir sistemaǵa sala alıwı, jazba jumıslarına ápiwayı hám quramalı joba dúze alıwı, epigraf hám citatalar tańlay alıwı, avzaclardı biliwi, gáplerdi hám shıǵarmalardan úzindilerdi óz ara baylanıstırıwshı leksika-grammatikalıq qurallardan durıs qollana alıwı, irkilis belgilerdi óz ornında qollana alıwı.

**Ámelde qollana alıwı kerek:**

**Oqıw texnikası boyınsha:** tanıs emes tekstti kórkemlep oqıw, seslerdi durıs aytıw, sózlerdi durıs oqıw, gápti intonaciyası menen anıq hám obrazlı oqıw, gáplerdi oqıǵanda irkilis belgileriniń xızmetine itibar beriw, sózlerdiń pát túsirilgen buwınlardı durıs oqıw, ilimiy atamalardı hám belgilerdi, adebiy shıǵarmalardan úzindilerdi durıs oqıw;

**Basqalardıń pikirin hám shıǵarma mazmunına túsine alıw uqıplılıǵı boyınsha**: awızeki sóylwde pikirdiń durıs, anıq, túsinikli hám tásirli bolıwı, ishki sezimlerin bayanlawda pikiriniń anıq beriliwi.

**Pikirdi jazba túrde bayan etiw uqıplılıǵı boyınsha**: teksttegi gáplerdiń mazmunı jaǵman óz ara baylanıslılıǵı kórsetilgen tema dógereginde birlesiw, hárip hám irkilis belgilerin durıs qoyıw, jazıwda qatarlardı durıs jaylastırıw, sózler arasındaǵı aralıqtı durıs belgilew, súwretlewde tildiń kórkemlew quralların paydalanıw, tekstte sólerdi tákirarlawǵa jol qoymay sinonim sózlerden paydalanıw, teksttiń abzactan jazılıwı hám diktant, bayan, shıǵarma, maqala, is qaǵazların (Xat. Qutlıqlaw. Túsindiriw xat. Til xat. Apza. Maǵluwmat. Esabat. Isenim xat. Málimleme.) jazıw, ápiyayı hám quramalı joba dúziw, jazba jumısqa efigraf tańlaw, abzactı durıs belgilei aliw, til bilklerin, fonetikalıq, leksikalıq, sintaksislik belgilerin talqılaw.

Ana tiliniń oqıw baǵdarlaması boyınsha úzliksiz májbúpiy bilimlendiriw sistemasınıń barlıq basqıshın pitkeriwshilerge qoyılatuǵın májbúriy minimal talaplardı oqıwshılarda qáliplestiriw bilimlendiriw sistemasınıń barlıq basqıshlarında ámelge asırıladı.

**Sóylew kompetenciyası.** Oqıw, seslerdiń durıs aytılıwı, sózlerdiń durıs woqılıwı, gáp, intonaciya, gáptegi irkilis belgileriniń aytılıwı, sanaw hám ajıratıw intonaciyadan durıs paydalanıw, ilimiy atama hám terminlerdi durıs aytıw, yerte dáwirdegi ádebiyat hám klassik ádebiyat' úlgilerin, danalıq sózlerdi hám atamalardı durıs aytıw hám mánisin ańlaw.

**Pikirdi awızeki túrde bayanlaw -** awızeki sóylewdiń durıs, anıq, túsinikli hám tásirli bolıwı, monolog, dialog tekstleriniń logikalıq jaqtan anıq hám mazmunınıń talapqa say bolıwı.

**Pikirdi jazba túrde bayanlaw** - teksttegi gáplerdiń mazmunı jaǵınan óz ara baylanıslıǵı kórsetilgen temaǵa birlesiwi, háriplerdi durıs jazıw, irkilis belgilerin durıs qoyıw, sózler arasmdaǵı aralıqtı durıs belgilew, sózlerdi hám gáplerdi taza jazıw, súwrettegi kórinisti dóretiwshilik penen túsindirip beriw. Tekstte sózlerdi tákirarlawdan saqlanıw hám sinonimlerdi qollana alıw, tekstte pikirlerdiń izbe-izligin támiyinlew, sinonim, antonim sózlerden orınlı paydalana alıw, diktant, bayan, shıǵarma, maqala, is qaǵazların (xat, qutlıqlaw, túsindiriw xatı, til xat, arza, maǵluwmatnama, yesabat, isenim xatı) jazıw, jay hám quramalı joba dúziw, jazba jumısına epigraf tańlaw, sózlerdi durıs belgilew, til birliklerine fonetikalıq, leksikologiyalıq, morfologiyalıq, sintaksislik tallaw jasaw.

## 1. Ana tili páninen bilim beriwdiń maqseti hám wazıypaları.

Bilimlendiriwdiń barlıq basqıshlarmda ana tilin oqıtıwdıń tiykarǵı maqseti úyreniwshilerdiń kúndelikli, ilimiy hám kásipke baylanıslı tarawlarında xızmet kórsetiwi ushın kommunikativlik kompetenciyanı payda etiwden ibarat.

- Ana tilinen bilim beriwdiń aldma qoyılǵan jámiyetlik buyırtpa oqıwshıshaxstıń pikirley alıwına, basqalardıń pikirin ańlay alıwǵa, aytılǵan pikirdi awızeki hám jazba túrde bayan ete alıwǵa, yaǵnıy kommunikativlik kompetenciyanı rawajlandırıwǵa úyretiwden ibarat. Sonlıqtan da Ana tili pániniń

aldına sociallıq jaqtan tolıq qáliplesken erkin pikirley alatuģın, sóylew hám qarım-qatnas jasaw mádeniyatı rawajlanǵan, sawatlı shaxstı kamalǵa keltiriw wazıypası qoyıladı.

- Sonıń ushın Ana tiliniń tiykarǵı wazıypası oqıwshınıń pikirley alıw sheberligin, aqılıy jaqtan rawajlanıwın, logikalıq woylawın arttırıw, oqıwshılardıń ózligin, qorshaǵan ortalıqtı tildiń kórkemlew quralları járdeminde bayanlay alıwına hám óz pikirin, ishki sezim - tuyǵıların ana tiliniń keń mumkinshilikleri arqalı bayan yete alıwıǵa úyretiwden ibarat;

- ózlestirgen teoriyalıq bilimlerdi ámelde, baslanǵish kásiplik kónlikpelerdi kúndelikli turmısqa, miynet jolında paydalana alıwı;

-tayarlaw baǵdarları hám qánigelikleri boymsha terenlestirilgen, baǵdarlanǵan, arnawlı pánlerden bilim tiykarların iyelewleri ushın zárúr bolǵan tiykarǵı bilimlerge iye bolıwı;

-iyelegen bilimin turaqlı túrde jetilistirip barıwǵa umtılıw, oqıwda hám kúndelik turmısta dóretiwshilik penen qatnas jasaw sıpatlarına iye bolıw;

- kompyuterler hám basqa telekommunikaciya quralların paydalana alıw uqıplılıqların jetilistiriwden ibarat.

**Kompetenciyaǵa baǵdarlanǵan bilim –** oqıwshılarda iyelegen bilim, kónlikpe hám uqıplılıqlardı óziniń jeke, kásiplik hám sociallıq turmısta ámelde qollana alıw kompetenciyaların qáliplestiriwge baǵdarlaw bolıp esaplanadı.

Kompetenciyaǵa baǵdarlanǵan bilim oqıwshılarda erkin, aktiv puxapalıq poziciyaǵa iye bolıw, shólkemlestiriwshilik, mediaresurslar hám xabar-kommunikaciyalıq texnologiyalarınan kúndelikli turmısında orınlı paydalana alıw, sanalı túrde ózi qálegen kásipti tańlay alıwı, salamat konkurentlilik hám de uluwma mádeniy kónlikpelerdi qáliplestirilledi.

Hárbir iinsan óz turmısında jeke, sociallıq- ekonomikalıq hám kásiplik qarım qatnas jasay alıwı, jámiyette óz ornın iyeley alıwı, qálegen orında mashqalalardı sheshe alıw, en áhmiyetlisi óz tarawı, kasibi boymsha básekiles bolıwı ushın zárúr bolǵan kompetenciyalarǵa iye bolıwı llazım

**Uluwma orta bilim beriw mekteleriniń 5-9-klaslarında ótiletuǵın «Ana tili» páni oqıwshılarda:**

- qaraqalpaq tiliniń fonetikası, leksikası hám grammatikası boyınsha sóylewdiń awızeki hám jazba túrlerinen durıs paydalanıw ushın zárúr bolǵan ilimiy-ámeliy maǵluwmatlar beriwdi;

- qaraqalpaq tilinde durıs aytıw, imla hám punktuaciyanıń tiykargı qaǵıydaların ózlestirip alıwdı;

- ana tiliniń sóz ǵáziynesi bolǵan hár túrli sózliklerden durıs paydalana alıwdı;

- óz pikirin sóylew normalarına sáykes, túrli formalarda túsindire alıw kónlikpelerin payda etiwdi;
- belgili xabardı yamasa maǵluwmatlardı hár túrli formada jetkere alıw jolların;
- kúndelikli turmıs ushın zárúr bolǵan is qaǵazlardı júrite alıw kónlikpeleri;
- jası hám bilim dárejesine sáykes bolǵan kórkem, ilimiy, siyasiy shıǵarmalardı úyrenip, olar haqqındaǵı pikir-usınısların, jeke qatnasın awızeki yamasa jazba túrde durıs bayanlay alıw kónlikpesin;
- sırtqı dúnyanı úyreniw hám onı til quralları arqali túsindirip beriwde, jámiyet aǵzaları menen qarım-qatnas jasawda ana tiliniń oǵada áhmiyetli yekenligin túsiniw ushın zárúr bolǵan teoriyalıq maǵluwmatlar hám ámeliy kónlikpeler beriwdi tiykarǵı wazıypalar yetip belgilep aladı.

Ana tili sabaqları basqıshlı izbe-izlik, forma menen mazmunnıń birligi (baylanıslılıǵı) til bilimi bólimleriniń óz ara tıǵız baylanısılıhǵı tiykarında dúziledi. Til – adamlar arasında qarım-qatnas jasawdıń eń áhmiyetli quralı ekenligi;

**Qaraqalpaq tiliniń grafikası:** Álipbe, bas hárip, irkilis belgisi, háripler birikpesi, qatar kelgen birdey dawıssız háripler qaraqalpaq tili imlasınıń tiykarǵı printsipleri, imla qaǵıydaları;

**Qaraqalpaq tiliniń fonetikası:** Durıs aytıw. (orfoepiya) grafika, imla. Sóylew aǵzaları. Sóylew sesleri hám háripler, hárip birikpeleri. Dawıslı hám dawıssız sesler. Únli hám únsiz dawıssızlar. Sózde seslerdiń almasıwı. Dawıslı hám dawıssız seslerdiń imlası. Ashıq, qamaw hám tuyıq buwınlar. Sózlerdi wótkermelew qaǵıydaları. Sózlerdi buwınlarǵa bóliw;

**Qaraqalpaq tiliniń leksikologiyası:** Sóz hám onıń mánileri. Qaraqalpaq tiliniń sóz baylıǵı. Sózlerdiń tiykarǵı bayıw derekleri. Sózlerdiń mánisi. Tuwra hám awıspalı mánili sóz, omonim, sinonim, antonim, túbirles sózler, sóz hám onıń mánileri, qaraqalpaq tiliniń sóz baylıǵı. Arqa hám qubla dialektlik sózler, qaraqalpaq ádebiy tiliniń sóz baylıǵı. Tilimizde kóp qollanılatuǵın hámmege ortaq sózler. Terminler (atamalar). Kásiplik sózler. Dialektlik sózle. Rus hám basqa tillerden ózlestirilgen sózler. Gónergen sózler. Neologizm. Turaqlı sóz dizbekleri tuwralı qısqasha túsinik. Sózliktiń túrleri. Túsindirme sózlik, dialektologiyalıq sózlik hám olardan paydalanıw.

**Sózlikler hám olardıń túrleri**.: orfografiyalıq sózlik, orfoepiyalıq sózlik, awdarma sózlikler, Túsindirme sózlik, dialektologiyalıq sózlikler hám olardan paydalanıw usılları;

**Qaraqalpaq tiliniń morfologiyasi**: Sóz qurılısı. Túbir. Sózlerdiń jasalıwı. Sózlerdiń túbir bólekleri. Túbirles sózler. Qosımtalardıń túrleri: Sóz jasawshı hám sóz túrlewshi qosımtalar; Sóz jasalıw usılları. Dórendi sózlerdiń qurılısı. Dara hám qospa sózler. Jup sózler. Qosımtalar imlası. Sóz túrlewshi, sóz jasawshı qosımtalardıń mánileri hám wazıypaları.

**Sóz shaqapları**: Mánili sóz shaqapları. (atlıq, kelbetlik, feyil,);

**Atlıq.** Atlıq sóz shaqabı, onıń leksikalıq mánisi, morfologiyalıq belgileri hám sintaksislik wazıypası. Atlıqtıń mánisi boyınsha túrleri. Menshikli atlıqlardıń stillik qollanılıwı. Atlıqtıń san kórsetkishleri. Atlıqtıń qurılısı boyınsha túrleri. (jay, qospa

atlıqlar). Atlıqtıń mánilik túrleri. Atlıqlardıń jasalıwı,. qospa atlıqlardıń túrleri, birikken atlıqlar, birikpegen atlıqlar, jup atlıqlar, qısqarǵan atlıqlar hám olardıń jazılıwı. Sinonim hám antonim atlıqlar.

**Feyil.** Feyil, onıń leksikalıq mánisi, morfologiyalıq belgileri hám sintaksislik xızmeti. Feyildiń túrleniwi. Bolımlı hám bolımsız feyiller. Feyil máhálleri. ótken máhál. házirgi máhál, keler máhál feyilleri. Mánili hám kómekshi feyil. Awıspalı hám awıspasız feyiller. Feyil dárejeleri. Feyil formaları. Feyildiń jasalıwı;

**Kelbetlik haqqında túsinik**: Kelbetlik sóz shaqabı hám onıń leksikalıq mánisi, morfologiyalıq belgileri. Kelbetlik dárejeleri. Kelbetliktiń jasalıwı. Kelbetliktiń zatlasıwı. Kelbetliklerdiń sintaksislik xızmeti. Kelbetliktiń mánisi, belgilerin bildiriwi jáne grammatikalıq belgileri.

**Sanlıq sóz shaqabı.** Onıń leksikalıq mánisi, morfologiyalıq belgisi hám sintaksislik xızmeti.

**Almasıq sóz shaqabı.** Onıń leksikalıq mánisi, morfologiyalıq belgisi hám sintaksislik xızmeti. Almasıqtıń mánisine qaray túrleri. Almasıqtıń sintaksislik xızmeti.

**Ráwish sóz shaqabı.** Onıń leksikalıq mánisi, morfologiyalıq belgisi hám sintaksislik xızmeti. Ráwishtiń mánilik túrleri. Ráwishlerde dáreje. Ráwishtiń jasalıwı. Sinonim hám antonim ráwishler. Ráwishtiń sintaksislik xızmeti.

**Mánili hám kómekshi sóz shaqapları.** Yeliklewish sózler, wolardıń mánisi hám gáptegi wazıypası. Modal sózler, olardıń mánisi hám gáptegi sintaksislik xızmeti. Tańlaq sózler.

**Kómekshi sózler.** Kómekshi sózlerdiń túrleri hám olardıń atqaratuǵın xızmeti. Tirkewish haqqında túsinik. Tirkewishtiń túrleri: túpkilikli tirkewishler, atawısh tirkewishler hám olardıń qollanılıwı. Atawısh hám feyil tirkewishlerdiń qollanılıwı. Dánekerler haqqında túsinik. Dánekerlerdiń túrleri. Dizbeklewshi dánekerler, baǵındırıwshı dánekerler. Dánekerlik xızmette qollanılatuǵın sózler. Janapaylar haqqında túsinik. Janapaylardıń túrleri: soraw janapayı, ayırıw - sheklew janapayı, kúsheytiw janapayı, modal mánili janapaylar, janapaylardıń jazılıwı. Modal sózler, olardıń mánisi hám gáptegi sintaksislik xızmeti. Tańlaq sózler haqqında túsinik. Tańlaqlardıń quramı hám mánisi boyınsha túrleri. yeliklewish sózler, wolardıń mánisi hám gáptegi wazıypası;

**Qaraqalpaq tiliniń sintaksisi:** Gáptiń mazmunına qaray túrleri. (xabar gáp, soraw gáp, buyrıq gáp, úndew gáp). Gáp aǵzaları. Gáp aǵzaları haqqında túsinik. Gáptiń bas aǵzaları haqqında túsinik. Baslawısh hám onıń ańlatılıwı. Jay, qospa hám keńeytilgen baslawısh. Bayanlawısh hám onıń ańlatılıwı jay, qospa feyil hám atawısh bayanlawısh. Baslawısh penen bayanlawıshtıń sintaksislik baylanısı, irkilis belgileri. Gáptiń ekinshi dárejeli aǵzaları. Tolıqlawısh, anıqlawısh, pısıqlawısh. Ayqınlawısh. Birgelikli aǵzalı gápler.

**Sintaksis hám punktuaciya:** Sintaksislik baylanıs haqqında túsinik. Sózlerdiń sintaksislik baylanısıw túrleri. Sóz dizbegi haqqında túsinik. Sóz dizbeginiń dúzilisi. Bas sózdiń bildiriliwine qaray túrleri. Sózlerdi baylanıstırıwshı qurallar. Sintaksislik baylanısıw túrleri. Baǵınıńqılı baylanıstıń túrleri. Sóz dizbegi haqqında túsinik. Sóz dizbekleriniń basqa til birliklerinen ayırmashılıǵı. Sóz

dizbeklerinińi dúzilisi. Sóz dizbegininiń bas sózdiń bildiriliwine qaray túrleri Sóz dizbegininiń mánilik qatnasları. Gáp hám onıń tiykargı belgileri. Gáptiń dúzilisi. Gáptiń mazmunına qaray túrleri. Jay gáp sintaksisi. Gáp hám onıń tildegi wornı. Gáptiń grammatikalıq tiykarı. Baslawısh hám bayanlawıshtıń qollanılıwı. Jay gáp, onıń dúzilisi,ınánisine qaray túrleri. Gáptiń ekinshi dárejeli ağzaları: tolıqlawısh, anıqlawısh hám pısıqlawıshtıń qollanılıwı. Mánisi hám dúzilisine qaray túrleri. Tolıq hám tolıq emes gápler. Gápte gáp ağzalarınıń orın tártibi. Inversiya. Bir bas ağzalı gápler haqqında túsinik. Feyil bir bas ağzalı gáplerdiń túrleri. Iyesi belgili. Iyesi belgisiz. Iyesi uluwmalasqan. Iyesiz gáp. Atawısh bir bas ağzalı gáp. Tolıq hám tolıq emes gápler. Sóz - gápler. Sóz gáplerdiń túrleri, irkilis belgileri. Kiris ağza hám kiris gáp. Gáptiń birgelikli ağzaları, ayqınlawısh ağzalar. Kiris gáp. Kiris gáplerdiń irkilis belgileri. Qaratpa ağzalar tuwralı túsinik. Morfologiyalıq bildiriliwi, irkilis belgileri, stillik qollamlıw ózgesheligi. Tuwra hám ózlestirilgen gápler. Dialog háın onıń irkilis belgileri. Qospa gáp haqqında tusinik.

Qospa gáptiń quramındağı jay gáplerdi baylanıstırıwshı qurallar. Qospa gáptiń bóliniw túrleri. Dizbekli qospa gáp haqqında túsinik. Biriktiriwshi dánekerli dizbekli qospa gáp. Qarsılas dánekerli dizbekli qospa gáp.Awıspalı dánekerli dizbekli qospa gáp. Gezekles dánekerli dizbekli qospa gáp. Bağınıńqılı qospa gáp haqqında túsinik. Bas hám bağınıńqı gáp. Bağınıńqı gáptiń orın tártibi . Bağınıńqı gáp penen bas gápti baylanıstırıwshı qurallar .Qatnaslıq sózli bağınıńqılı qospa gápler hám olardıń túrleri .Baslawısh bağınıńqılı qospa gápler.Bayanlawısh bağınıńqılı qospa gápler . Tolıqlawısh bağınıńqılı qospa gápler.Anıqlawısh bağınıńqılı qospa gápler **(1 saat).**

**Pısıqlawısh bağınıńqılı qospa gápler hám olardıń mánisine qaray túrleri.** Waqıt bağınıńqılı qospa gáp . Orın bağınıńqılı qospa gáp.Sın bağınıńqılı qospa gáp. Salıstırınalı bağınıńqılı qospa gáp . Muğdar-dáreje bağınıńqılı qospa gáp . Sebep bağınıńqılı qospa gáp. Nátiyje bağınıńqılı qospa gáp. Maqset bağınıńqılı qospa gáp.

Shárt bağınıńqılı qospa gáp. Qarsılas bağınıńqılı qospa gáp. Kóp bağınıńqılı qospa gáp. Teń bağınıńqılı hám izbe-iz bağınıńqılı qospa gáp. Dánekersiz qospa gáp haqqında túsinik. Dánekersiz qospa gáptińn mánisine qaray túrleri . Dánekersiz mezgilles qospa gáp. Dánekersiz qarsılas qospa gáp. Dánekersiz sebep-nátiyje qospa gáp . Dánekersiz túsindirmeli qospa gáp . Dánekersiz qospa gáptiń irkilis belgileri . Aralas qospa gáp haqqında túsinik. Aralas qospa gáptiń irkilis belgileri . *Tuwra gáp hám ózlestirilgen gápler haqqında túsinik.* Tuwra gáp hám avtor gápi, *olardıń orın tártibi .Tuwra gáptiń irkilis belgileri.* Tuwra gápti ózlestirilgen gápke aylandırıw jolları. Irkilis belgileri haqqında túsinik. Gáptiń sonında qoyılatuğın irkilis belgileri.(noqat, soraw, úndew) . Gáptiń ishinde qoyılatuğın irkilis belgileri.(útir, noqatlı útir, sızıqsha, defis, qos noqat)

**Til haqqında mağluwmat:** Til haqqında uluwma túsinik. Tildiń jámiyetlik xızmeti. Tildiń payda bolıwı hám rawajlanıwı. Qaraqalpaq ádebiy tili - qaraqalpaq milliy tiliniń joqarı basqıshı yekenligi.

**Stilistika.** Til stilleri. Til stilleriniń qollanılıwı, tarawları, wazıypaları hár biriniń ózine say til quralları. Maqala, bayanat, referat, is qağazı. Baylanıslı sóylew, tekst, tema, tiykarğı pikir, mazmun, teksttiń dúzilisi, monologlıq sóylew, dialoglıq sóylew. Ráwiyat, súwretlew, tekst dodalaw, dóretiwshilik bayan, epigraf, ápiwayı joba, quramalı joba. Sóylew mádeniyatı, sóylew qarım-qatnası haqqında dáslepki zárúrli mağluwmatlar.

Bul bólim ana tiliniń izbe-iz úyreniliwinde oqıwshılardıń tilden pútin bir sistema sipatında paydalanıwı, tekst boyınsha islew, fonetikalıq, leksikalıq, morfologiyalıq, ózgesheliklerin, bul ózgesheliklerdi kúndelikli turmıs penen baylanıstırıw imkaniyatın beredi.

Tildiń bir pútin, bilimlendiriwdiń baylanislılıq principleri pútkil kurs dawamında alıp barıladı. Sonıń ushın, hárbir shınığıwda oqıwshı sózlik hám sintaksis ústinde - sóz mánisi, fonetikalıq, morfologiyalıq halatlarmıń sintaksislik wazıypası boyınsha shınığıwlardı orınlawğa itibar qaratıladı.

Usı bağdarlama tiykarında 1-11-klaslar ushın tematikalıq joba islep shığıladı. Tematikalıq jobada temalar, hár sherekte alınatuğın baqlaw jumısları islep shığiladı,olarğa ajıratılğan

**Qaraqalpaq tili 5-klass.**
**Oqıw bağdarlaması**
**(Háptesine 3 saattan, jıl boyına 102 saat)**

Tildiń jámiyettegi ornı. Qaraqalpaq tili-rawajlanğan milliy til. **(1 saat ).**

Baslawısh klassta ótilgenlerdi tákirarlaw. Seslerdiń dawıslı hám dawıssız bolıp bóliniwi. Dawıssız seslerdiń aytılıwı hám jazılıwı. Sózlerdiń buwınğa bóliw hám ótkermelew. **(1 saat ).**

**Fonetika, grafika. 15 saat**

Fonetika – til sesleri haqqında ilim. Sóylew ağzaları. Háreketsheń hám háreketsheń emes sóylew ağzaları. **(1 saat).**

Grafika. Ses hám hárip. Qaraqalpaq tiliniń álipbesi **(1 saat).**

Dawıslı sesler. **(3 saat).** Dawıslı seslerdiń túrleri.Juwan dawıslı sesler. (a, ı,o,y) Jińishke dawıslı sesler (á,i, ó,ú,e) . Erinlik dawıslı sesler (o-ó, u-ú) Eziwlik dawıslı sesler (a,á,ı, i, e) . Ashıq (a,á,o,ó) hám qısıq (ı,i, u,ú,e) dawıslılar.

Dawıssız sesler ( 5 saat). Dawıssız seslerdiń únli hám únsiz bolıp bóliniwi . Únli dawıssız sesler. Únsiz dawıssız sesler Ayırım dawıssız háriplerdiń jazılıwı u-w, p-b, f-v, sh-j, q-x, c-sh . Birgelkili dawıssızlardıń jazılıwı .

Buwın haqqında túsinik. Buwınnıń túrleri Ashıq buwın Tuyıq buwın . Qamaw buwın. **(2 saat)** Sózlerdi ótkermelew. Ótkermelewge bolmaytuǵın sózler. **(1 saat).**

Orfoepiya haqqında túsinik. .

Orfografiya haqqında túsinik. **(1 saat).**

Fonetikadan ótilgenlerdi tákirarlaw **(1 saat).**

**Leksikologiya** **6 saat**

Leksikologiya haqqında túsinik Sózlerdiń mánisi. Kóp mánili sózler (2 saat).

Sózlerdiń tuwra hám awıspalı mánisi. (1 saat).

Sinonimler. Omonimler. Antonimler (2 saat).

Leksikologiyadan ótilgenlerdi tákirarlaw (1 saat).

**Sóz jasalıw hám imla** **13 saat**

Túbir sóz hám qosımtalar. Qosımtalardıń xızmetine qaray túrleri. Sóz jasawshı hám sóz túrlewshi qosımtalar **(1 saat).**

Sóz jasawshı qosımtalar hám olardıń túrleri . Dórendi sózler Túbirles sózler **(2 saat).**

Sóz túrlewshi qosımtalardıń túrleri. Kóplik qosımtası.Tartım jalǵawı. Seplik jalǵawı. Betlik jalǵawı. Forma jasawshı qosımtalar **(4 saat).**

Qospa sózler haqqında túsinik. Qospa sózlerdiń jasalıwı . Birikken sózler hám olardıń imlası. Dizbekli sózler hám olardıń imlası . Qısqarǵan sózler hám olardıń imlası. Jup hám tákirar sózler olardıń imlası. Qospa sózlerdi tákirarlaw. **( 6 saat).**

**Morfologiya** **47 saat**

Sóz shaqapları haqqında túsinik.Sóz shaqaplarınıń leksikalıq-grammatikalıq belgileri, olardıń bóliniwi 1 saat

**Atlıq** **10 saat**

Atlıqtıń mánisi hám grammatikalıq belgileri 1 saat

Menshikli hám ǵalabalıq atlıqlar hám olardıń jazılıwı. Kitaplardıń gazeta-jurnallardıń ádebiy shıǵarmalardıń atları hám olardıń jazılıwı. Tariyxıy waqıyalar, bayramlardıń atları hám olardıń jazılıwı 1 saat

**Atlıqtıń birlik hám kóplik sanda qollanıwı**. Geypara atlıqlardıń tek birlik sanda turıp kóplik máni bildiriwi 1 saat

**Atlıqtıń betleniwi.** Atlıqtıń úsh bette, birlik, kóplik túrinde betlik qosımtalar menen túrleniwi 1 saat

**Atlıqtıń tartımlanıwı.** Tartım jalǵawlar jalǵanıw menen keyingi háribi ózgeretuǵın atlıqlar hám olardıń jazılıwı 1 saat

**Atlıqtıń sepleniwi**. Sorawları, seplik jalǵawlarınıń jazılıwı, atlıqtıń jay hám tartımlı sepleniwi 3 saat

**Atlıqtıń sintaksislik xızmeti.** Atlıqtıń gápte bas aǵzalar hám ekinshi dárejeli aǵzalardıń xızmetin atqarıp keliwi 1 saat

**Atlıq sóz shaqabın tákirarlaw** **1 saat**

**Kelbetlik** **11 saat**

Kelbetliktiń mánisi, belgilerdi bildiriwi jáne grammatikalıq belgileri, Kelbetliktiń qurılısı boymsha túrleri.Dara kelbetlikler. Qospa kelbetlikler 1 saat

Kelbetliktiń jasalıwı 1 saat

Qospa kelbetlikler hám olardıń jazılıwı 4 saat

Kelbetliklerdiń atlıq ornına qollanıwı (zatlasıwı) 1 saat

Kelbetliktiń dárejeleri hám olardıń jasalıwı Kelbetliktiń arttırıw hám salıstırıw dárejeleri. Kelbetliktiń dáreje jasaytuǵın qosımtaları hám olardıń jazılıwı 2 saat

Sinonim hám antonim kelbetlikler. 1 saat

Kelbetliktiń sintaksislik xızmeti. 1 saat

**Feyil** **13 saat**

Feyildiń mánisi hám tiykarǵı grammatikalıq belgileri. Feyildiń bette, sanda ózgeriwi, olardıń jazılıwı. Bolımlı hám bolımsız feyiller. Bolımsız feyildiń qosımtası hám onıń jazılıwı **(3 saat).**

Feyil meyilleri. Buyrıq meyil. Anıqlıq meyil. Tilek meyil. Maqset meyil. Shárt meyil. **(5 saat).**

Feyil máhálleri. Ótken máhál. Onıń jasalıwı hám jazılıwı. Házirgi máhál. Onıń jasalıwı hám olardıń jazılıwı. Keler máhál. Onıń jasalıwı hám olardıń jazılıwı . **(3 saat).**

Sinonim feyiller. Antonim feyiller. **(1 saat).**

Feyil sózlerdi tákirarlaw ushın shınıǵıw jumısı. **(1 saat).**

Sintaksis hám irkilis belgileri. 7 saat

Gáp, onıń mazmum boyınsha túrleri. Xabar gáp hám olardıń irkilis belgileri. Soraw gáp hám olardıń irkilis belgileri. Buyrıq gáp úndew gáp hám olardıń irkilis belgileri **(2 saat).**

Gáptiń bas aǵzaları. Baslawısh. Bayanlawısh **(1 saat).**

Gáptiń ekinshi dárejeli aǵzaları. Tolıqlawısh. Anıqlawısh. Pısıqlawısh. **(1 saat).**

Gáptiń birgelkili aǵzaları **(1 saat).**

Qaratpa aǵza. **(1 saat).**

Is qaǵazlarınan úlgiler: Daǵaza. Arza. Túsinik xat **(1 saat).**

**Úyreniletuǵın temalar sanı 83**

**Awızsha hám jazba til baylıǵın ósiriw 12 saat**

**Tákirarlaw hám til ósiriw 7 saat**

**6 - klass. Oqıw baǵdarlaması**

**(háptesine 3 saattan, jıl boyına 102 saat).**

**Kirisiw.** Dúnya tilleri haqqında túsinik 1 saat

Besinshi klasta ótilgenlerdi tákirarlaw.

Buwın hám onıń túrleri. Sózlerdi ótkermelew 1 saat

**Únleslik nızamı(singormanizm).** 3 saat
Únleslik nızamı haqqmda túsinik . Buwın únlesligi
Ses únlesligi

**Leksikologiya (10 saat)**

Leksikologiya Qaraqalpaq ádebiy tiliniń sózlik baylıǵı haqqında túsinik. Uluwma qollanılatuǵın hámmege ortaq sózler. Terminler haqqında túsinik Kásipke baylanıslı sózler . Dialektlik sózler . Basqa tillerden ózlestirilgen sózler. Rus tilinen hám rus tili arqalı basqa tillerden kirgen sózler . Gónergen sózler . Neologizm . Turaqlı sóz dizbekleri haqqında túsinik **(6 saat)**

Sózlikler hám olardıń dúzilisi.Sózliktiń túrleri. Túsindirme sózlik. Imla sózlik. Awdarma sózlik hám olardan paydalanıw usılları Dialektologiyalıq sózlik hám olardı paydalanıw **(3 saat). Leksikologiyadan ótilgenlerdi tákirarlaw (1 saat).**

**Morfologiya**

Atlıqtıń jasalıwı **. 8 saat** Atlıq jasawshı qosımtalar hám olardıń jazılıwı. **Forma jasawshı qosımtalar .** Atlıqtıń sóz qosılıw usılı arqalı jasalıwı **. 2 saat**

Qospa atlıqlar. Birikken atlıqlardıń jazılıwı. Dizbekli qospa atlıq, olardıń jazıhwı . Jup athqlar hám qısqarǵan atlıqlar. 2 saat

Menshikli qospa atlıqlar. **(1 saat).**
Kóp mánili atlıqlar. **(1 saat).**
Sinonim hám antonim atlıqlar **1 saat).**
Atlıqtıń sintaksislik xızmeti **(1 saat).**
Atlıqtı tákirarlaw. **(1 saat).**

**Sanlıq 11 saat**

Sanlıq tuwralı túsinik. Sanlıqtıń mánisi hám grammatikalıq belgileri. Jay hám qospa sanlıqlar **(3 saat).**

Sanlıqtıń túrleri. Sanaq san hám onıń sepleniwi. Qatarlıq san, onıń jasalıwı hám jazılıwı. Jıynaqlaw san hám onıń jasalıwı Toplaw san hám onıń jasalıwı. Shamalıq san, onıń jasalıwı hám jazılıwı. Bólshek san, onıń jasalıwı hám jazılıwı. **(6 saat).**

Sanlıqtıń gáptegi xızmeti. **(1 saat).**
Sanlıq boyınsha grammatikalıq tallaw hám sanlıqtı tákirarlaw **(1 saat).**

**Almasıq 11 saat**

Almasıq haqqında túsinik. **(1 saat).**

Almasıqtıń túrleri. Betlik almasıǵı hám onıń sepleniw ózgesheligi.

Ózlik almasıǵı hám onıń sepleniwi. Siltew almasıǵı hám onıń sepleniwi. Soraw almasıǵı hám onıń tartımlanıwı, sepleniwi. Belgilew almasıǵı hám onıń tartımlanıwı, sepleniwi Jámlew almasıǵı hám onıń tartımlamwı, sepleniwi. Bolımsızlıq almasıǵı hám onın tartımlanıwı, sepleniwi . Belgisizlik almasıǵı hám onıń tartımlanıwı, sepleniwi. **(8 saat).**

Almasıqlardıń gáptegi xızmeti. **(1 saat).** Almasıqtı morfologiyalıq tallaw hám almasıqtı tákirarlaw **(1 saat).**

**Feyil 21 saat**

Feyillerdiń jasalıwı. Feyillerdiń qosımtalar arqalı jasalıwı. Atawısh sózden feyil jasawshı qosımtalar. Feyilden feyil jasawshı qosımtalar. Feyil jasawshı qosımtalardıń jazılıwı. **(3 saat).**

Sózlerdiń qosılıwı arqalı feyillerdiń jasalıwı. Qospa feyiller hám olardıń jazılıwı. Birikken hám dizbekli qospa feyiller, olardıń jazılıwı. Jup feyiller, olardıń jazılıwı. **3 saat).**

Awıspalı feyiller. Awıspasız feyiller**. 1 saat**

Feyil dárejeleri haqqında túsinik. Feyil dárejelerin jasawshı qosımtalar hám olardıń jazılıwı. Ózlik dáreje. Ózgelik dáreje. Belgisiz dáreje. Sheriklik dáreje. **(4 saat).**

Kelbetlik feyil haqqında túsinik. Kelbetlik feyildiń jasalıwı. Kelbetlik feyildiń atlıqlasıwı. Kelbetlik feyildiń gáptegi xızmeti. **(3 saat).**

Hal feyil. Hal feyil haqqında túsinik. Hal feyildiń jasalıwı. Hal feyil jasawshı qosımtalar. Hal feyildiń gáptegi xızmeti. **(3 saat).**

Atawısh feyil hám onıń jasalıwı. Atawısh feyildiń sepleniwi **.** Atawısh feyildiń sintaksislik xızmeti. Feyillerdiń sintsksislik xızmeti. **(3 saat).**

Feyillerdi tákirarlaw**(1 saat).**

Ráwish 18 saat

Ráwish haqqında túsinik. **(1 saat).**

Ráwishtiń qurılısına qaray túrleri. Jay ráwish. Qospa ráwishler hám olardıń jazılıwi

**2 saat).**

Ráwishtiń dárejeleri hám olardıń jazılıwı. **(1 saat).**

Ráwishtiń jasalıwı. Ráwishlerdiń sóz jasawshı qosımtalar arqalı jasalıwı. Ráwishtiń sózlerdiń qosılıwı arqalı jasalıwı. Sózlerdiń dizbeklesip qosılıwı arqalı jasalıwı. Sózlerdiń juplasıwınan jasalıwı. **(5 saat).**

Ráwishtiń mánisine qaray túrleri. Waqıt ráwishi**.** Orın ráwishi **.** Maqset ráwishi. Sebep ráwishi **. Sın ráwishi.** Muǵdar-dáreje ráwishi **(6 saat).**

Sinonim ráwishler **hám an**tonim ráwishler **(1 saat).**

Ráwishtiń sintaksislik xızmeti **(1 saat).**

Ráwishti tákirarlaw **(1 saat).**

**Bayanlawıshlıq sóz shaqabı haqqında túsinik. Bayanlawıshlıq sóz shaqabı**nıń túrleri hám sintaksislik xızmeti. 2 saat

Is qaǵazlarmıń úlgileri. Ómir bayan, kúndelik jazıw. Citata hám onıń irkilis belgileri. **(1 saat).**

**Tákirarlaw**

**Úyreniletuǵın temalar sanı 82**

**Awızsha hám jazba til baylıǵın ósiriw 12 saat**

**Tákirarlaw hám til ósiriw 8 saat**

**8 - klass oqıw bağdarlaması**
**(háptesine 2 saat, jıl boyı 68 saat)**

Kirisiw. Qaraqalpaq tiliniń rawajlanıw basqıshları **(1 saat).**

7-klasta ótilgenlerdi tákirarlaw. **1 saat.**

Tekst haqqında túsinik. Dialog hám onıń irkilis belgileri 2 saat)

Shığarma hám onıń túrleri. Shığarma haqqında túsinik.

Shığarmanıń mazmunı boyınsha túrleri.Shığarmanıń jobası hám oğan qoyılatuğın talaplar. Shığarmağa epigraf tańlaw (4 saat)

Sintaksis hám punktuatsiya.

Sintaksislik baylanıs haqqında túsinik. Sózlerdi baylanıstırıwshı qurallar. **(2 saat).**

Sózlerdiń sintaksislik baylanısıw túrleri. Teń (dizbekli) baylanıs **.** Bağınıńqılı baylanıstıń túrleri **(Basqarıw, jupkerlesiw, úylesiw) (4 saat).**

Sintaksislik baylanıs boyınsha tákirarlaw **(1 saat).**

Sóz dizbegi haqqında túsinik. Sóz dizbeginiń basqa til birliklerinen ayırmashılığı **.**

Sóz dizbekleriniń dúzilisi. Sóz dizbekleriniń mánilik qatnası**.** Atawısh hám feyil sóz dizbekleri **(3 saat).** Tákirarlaw **(1 saat).**

**Gáp haqqında túsinik.** Gáp hám onıń tiykarğı belgileri. Gáptiń mazmunına qaray túrleri . Gáptiń dúzilisine qaray túrleri. 3 saat

Jay gápler. Jay gáptiń bas ağzalardıń qatnasına qaray túrleri. (Eki bas ağzalı hám bir bas ağzalı gápler). **(2 saat).**

**Bir bas ağzalı gápler** haqqında túsinik. **Bir bas ağzalı gáplerdiń** túrleri **(1 saat).**

Feyil bir bas ağzalı gápler**.**Feyil bir bas ağzalı gáplerdiń túrleri. Iyesi belgili gáp**.** Iyesi belgisiz gáp. Iyesi uluwmalasqan gáp. Iyesiz gáp **(4 saat).**

Atawısh bir ağzalı gáp. Ataw gáp. **(1 saat).**

Tolıq hám tolıq emes gáp **(1 saat).**

Bir bas ağzalı gáplerdi sintaksislik tallaw **(1 saat).**

Sóz -gápler haqqında túsinik. Sóz gáplerdiń túrleri, maqullawshı hám biykarlawshı, soraw hám tanlaq sóz-gápler. Qaratpa sáz-gápler, irkilis belgileri. Sóz-gáplerdi tákirarlaw **(5 saat).**

Birgelkili ağzalı gápler haqqında túsinik **.** Birgelkili ağzalı gáplerdi baylanıstırıwshı qurallar. Birgelkili bas ağzalar **.**Birgelkili ekinshi dárejeli ağzalar **.** Birgelkili ağzalardıń irkilis belgileri **.** Birgelkili ağzalardı uluwmalastırıwshı sózler **(6 saat).**

Ayırımlanğan ağzalı gápler. Gáptiń ayırımlanğan ağzaları tuwralı túsinik **(1 saat).**

Ayırımlanğan ayqınlawısh hám onıń túrleri, irkilis belgileri, ayırımlanğan ağzalardıń irkilis belgileri **(3 saat). Tákirarlaw (1 saat).**

Qaratpa ağzalı gápler.Qaratpa ağzalar tuwralı túsinik

Qaratpa ağzanıń bildiriwi. Qaratpa ağzanıń intonatsiyası hám irkilis belgileri **(3 saat).**

Kiris ağza hám kiris gáp. Gáptiń kiris ağzaları tuwralı túsinik Kiris ağzalardıń bildiriliwi Kiris ağzalardıń mánileri Kiris gáp haqqında túsinik Kiris ağza hám kiris gáplerdiń irkilis belgileri **(3 saat). K**iris ağzalı gáplerdi tákirarlaw **(1 saat).**

Oqıw jılı dawamında ótilgenlerdi tákirarlaw

| | |
|---|---|
| **Úyreniliwi kerek materiallar** | **50 saat** |
| **Til ósiriw hám tákirarlaw** | **6 saat** |
| **Jazba jumıslar hám test sınawları** | **12 saat** |

## 9-klass oqıw bağdarlaması
**(háptesine 2 saat, jıl boyına 68 saat)**

Qaraqlpaq tili - qaraqalpaq xalqınıń milliy ádebiy tili. **(1saat.)**.

**8-klasta ótilgenlerdi tákirarlaw (1saat.)**.

Gáp ağzaları. Bir bas ağzalı hám eki bas ağzalı gápler. Tolıq hám tolıq emes gápler. **(1saat.)**. Birgelkili ağzalar. Qaratpa hám kiris ağzalı gápler

### Sintaksis. Qospa gápler

Qospa gáp haqqında tusinik **(1saat.)**.

Qospa gáptiń quramındağı jay gáplerdi baylanıstırıwshı qurallar **(2 saat.)**.

Qospa gáptiń bóliniw túrleri **(1 saat.)**.

**Dizbekli qospa gáp (6 saat.)**.

Dizbekli qospa gáp haqqında túsinik. Biriktiriwshi dánekerli dizbekli qospa gáp.

Qarsılas dánekerli dizbekli qospa gáp.Awıspalı dánekerli dizbekli qospa gáp. Gezekles dánekerli dizbekli qospa gáp. Dizbekli qospa gáplerdi tákirarlaw **.**

**Bağınıńqılı qospa gáp (4 saat.)**.

Bağınıńqılı qospa gáp haqqında túsinik. Bas hám bağınıńqı gáp. Bağınıńqı gáptiń orın tártibi **.** Bağınıńqı gáp penen bas gápti baylanıstırıwshı qurallar .

Qatnaslıq sózli bağınıńqılı qospa gápler hám olardıń túrleri

Baslawısh bağmıńqılı qospa gápler **(1 saat).**

Bayanlawısh bağınıńqılı qospa gápler **(1 saat).**

Tolıqlawısh bağınıńqılı qospa gápler**(1 saat).**

Anıqlawısh bağınıńqılı qospa gápler **(1 saat).**

**Pısıqlawısh bağınıńqılı qospa gápler hám olardıń mánisine qaray túrleri. (11 saat).**

Waqıt bağınıńqılı qospa gáp . Orın bağınıńqılı qospa gáp. Sın bağınıńqılı qospa gáp. Salıstırmalı bağınıńqılı qospa gáp . Muğdar-dáreje bağınıńqılı qospa gáp **.**

Sebep bağınıńqılı qospa gáp. Nátiyje bağınıńqılı qospa gáp. Maqset bağınıńqılı qospa gáp. Shárt bağınıńqılı qospa gáp. Qarsılas bağınıńqılı qospa gáp. Bağınıńqılı qospa gáplerdi tákirarlaw .

Kóp bağınıńqılı qospa gáp. Teń bağımńqılı hám izbe-iz bağınıńqılı qospa gáp (2 saat)

**Dánekersiz qospa gápler (8 saat.).**

Dánekersiz qospa gáp haqqında túsinik. Dánekersiz qospa gáptińn mánisine qaray túrleri . Dánekersiz mezgilles qospa gáp. Dánekersiz qarsılas qospa gáp. Dánekersiz sebep-nátiyje qospa gáp . Dánekersiz túsindirmeli qospa gáp . Dánekersiz qospa gáptiń irkilis belgileri . Dánekersiz qospa gáplerdi tákirarlaw

Aralas qospa gáp haqqında túsinik. Aralas qospa gáptiń irkilis belgileri (2 saat )

**Tuwra gáp hám ózlestirilgen gápler (7 saat).**

Tuwra gáp hám ózlestirilgen gápler haqqında túsinik. Tuwra gáp hám avtor gápi, olardıń orın tártibi .Tuwra gáptiń irkilis belgileri. Tuwra gápti ózlestirilgen gápke aylandırıw jolları. Tuwra gáp hám ózlestirilgen gáplerdi tákirarlaw

**Irkilis belgileri (3 saat).**

Irkilis belgileri haqqında túsinik. Gáptiń sonında qoyılatuğın irkilis belgileri.(noqat, soraw, úndew). Gáptiń ishinde qoyılatuğın irkilis belgileri.(útir, noqatlı útir, sızıqsha, defis, qos noqat) .

| | |
|---|---|
| **Úyreniliwi kerek materiallar** | **52 saat** |
| **Til ósiriw hám tákirarlaw** | **4 saat** |
| **Jazba jumıslar hám test sınawları** | **12 saat** |

**Milliy bağdarlama tiykarında qaraqalpaq tilinen 7-klass ushın oqıw bağdarlaması**

## I BÓLIM. MEN, SEN, OL HÁM OLAR (6 saat )

**Sociallıq tarmaqlar (internet tarmağı saytları, facebook, telegram, informaciya qáwipsizligi) 4 saat**

Sociallıq tarmaqlar menen baylanıslı til birlikleri, olardıń aytılıwı hám imlası. Social tarmaqlardağı jazısıwlardağı sóylesiw ádebi, olarğa ámel qılıw menen baylanıslı shınığıw hám tapsırmalar. Qospa sózler boyınsha shınığıwlar islew. Sózlerdiń jasalıw usılları, sóz jasawshı qosımtalar, olardıń atqaratuğın xızmeti hám uqsaslıq, ózgesheliklerine arnalğan shınığıwlar.

6 -klasta ótilgen lingvistkalıq bilimlerdi tákirarlaw.

Kompyuter qaysı tillerdi biledi? Zamanagóy texnologiyalar dúnyasında qaysı tildiń áhmiyeti kúshli? Til hám texnologiyanıń baylanısı haqqındağı tekst ústinde islew, sózlerdiń qurılısı, olardıń jasalıwı boyınsha shınığıwlardı orınlaw.

"Til bilgen el biledi" temasında tekst jaratıw.

Informaciyalardı tarqatıw qaǵıydaları berilgen audio tekst penen tanısıw. Audio teksttegi aytılǵan sóz hám gáplerge dıqqat qaratıw. Informaciyalardı tarqatıw mádeniyatına baylanıslı kórsetpe jazıw. Keste kórinisindegi, strelkalı, grafikli tapsırmalar ústinde islew.

Sózlerdiń forma hám mánisi boyınsha túrleri. Sinonimler, olardıń sóz shaqaplarında qollanıwlıwı menen baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar. Sinonim mánili sóz jasawshı qosımtalar haqqında túsinik.

**Dáwirimiz qaharmanları (qaharmanlıq degen ne, kimlerdi qaharman dep esaplaymız?) 2 saat**

Tarawlarǵa tiyisli til birlikleri, olardıń aytılıwı hám imlası. Berilgen tekst quramınan tarawǵa tiyisli til birliklerin ajıratıw, olardıń mánisine anıqlama beriw. Teksten gózlengen maqsetti ańlay alıw, tekst mazmunın túsiniw, ol qanday kontekstte jazılǵanın biliwge tiyisli shınıǵıw hám tapsırmalar. Sózlerdiń hátte qosımtalardıń da bir-birine jaqın mánili, sinonim bolıp keliwine baylamslı tapsırmalar islew.

Tekstte seslerdiń almasıwı (túsip qalıwı yamasa arttılıwı) qubılısların anıqlaw, olardı awızeki hám jazba sóylewde qollanıw menen baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar. Teksten túpkilikli hám ózlestirilgen sózlerdi anıqlaw, olardıń aytılıwı hám imlası ústinde islew.

Dáwirimiz qaharmanlarına arnalǵan tekstler menen tanısıw, teksten gózlengen tiykarǵı ideya hám tekst juwmaǵın ajırata alıw. Teksttiń basqa bólim yamasa bóleklerine baǵdarlawshı til birliklerin anıqlaw, olardıń wazıypasın túsindiriw menen baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar.

Qálegen qaharmanǵa jeke xat jazıw, onda kerekli múrájat etiw birliklerinen orınlı paydalanıw. Rásmiy hám jeke xattıń ózgesheliklerin amqlaw.

## II BÓLIM. TÁBIYAT INAMLARÍ (5 saat )

**Turan jolbarısı (qırılıp ketken jolbarıs túri, joǵalıw qáwpi astındaǵı haywanlar, ekologiyalıq mashqalalar) (3 saat)**

Ekologiyaǵa tiyisli til birlikleri, olardıń aytılıwı hám imlası. Berilgen tekst quramınan ekologiyaǵa tiyisli til birliklerin anıqlay alıw, sózlik járdeminde olardıń mánisi menen tanısıw.

Feyillerdiń qurılısına qaray túrleri, qospa feyiller hám olardıń bildiriliwi, olardıń gáp ishinde dara feyiller menen sinonim bolıp keliwi, imlası menen baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar ústinde islew.

Tekst ishinde sózlerdi durıs qollana alıw, sóz tańlaw sheberligi, jazba sawatqanlıqqa baylanıslı bolǵan shınıǵıw hám tapsırmalar.

Feyildiń funkcionallıq formaları. Olardıń gáptegi xızmeti haqqında. Feyiller gápte qaysı sóz shaqapları menen bette-sanda kelisip baylanısıwı.

Almasıq. Onıń basqa sóz shaqapların almastırıwdaǵı xızmeti. Almasıqlardıń wazıypası hám bildiriliwi. Tekstten almasıqlardı anıqlaw, olardan awızeki hám jazba sóylewde qollanıwǵa baylanıslı tapsırmalar.

Almasıq hám onıń túrleri. Olardıń qollanılıwı hám imlasına baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar.

Berilgen teksttiń tiykarǵı ideyasın ańlay alıw, teksttegi tiykarǵı pikirlerdi belgilew, olardı belgilep qoyıw menen baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar.

Mazmunı boymsha ekologiyalıq qáwip jáne onıń sebepleri sawlelengen videorolik penen tanısıw, onıń mazmum menen baylanıslı sorawlar ústinde islew, videorolik mazmunına múnásibet bildiriw, juwmaq shıǵarıw menen baylanıslı shımǵıw hám tapsırmalar.

**Juldız (juldızlar, juldızlar kartası, polyuslar ) 2 saat**

Tekst ústinde islew, onıń mazmunın túsiniw, sózlerdiń mánilerin ańlaw, olardıń aytılıwı hám imlasına itibar beriw. Sózlikler menen islesiw.

Gáptiń ishindegi irkilis belgisi – útirdiń qollanılıwı. Birgelkili aǵzalar hám olardıń jazıwdaǵı imlasına baylamslı shınıǵıw hám tapsırmalar.

Betlik almasıqları hám olardıń imlası. Olardıń sepleniwi, gáptegi sintaksislik xızmetine baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar.

Ózlik hám siltew almasıqları. Soraw hám belgilew almasıqları.

Sózlerdiń forma hám mánisine qaray túrleri. Omonimler, olardıń qollanıwı, imlası menen baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar.

Temaǵa baylanıslı dóretiwshilik tekst dúziw. Tekstte berilgen pikirler hám argumentlerdi dáliller menen tiykarlap jazıw.

**Baqlaw jumısı hám onı talqılaw** (2 saat)

## III BÓLIM. SAP DENEDE – SAP AQÍL (5 saat )

**C vitamini (C vitamininiń paydalı tárepleri, vitamin jetispewshiligi, immun sisteması) (3 saat)**

Teksttegi sózler, olardıń aytılıwı hám orfografiyası. Berilgen tekst quramınan ózlestirilgen sózlerdi ajıratıw, olardıń mánilerin sózlik járdeminde anıqlaw menen baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar.

Berilgen tekst quramınan tema menen baylamslı arnawlı belgilerdi anıqlaw, olardıń ańlatatuǵın mánisi menen tanısıw shınıǵıwları.

Soraw, belgilew almasıqları. Olardıń qaysı sózlerdi almastırıwı, sóz ózgertiwshi qosımtalar arqalı ózgeriwi. Soraw almasıqlarınıń anıq hám ritorikalıq soraw gáplerdi dúzip keliwi.

Almasıqlardı paydalanıwǵa baylanıslı tekstler dúziw.

Tekstten ózlestirilgen sózlerdi anıqlaw. Olardıń mánilerin biliwge arnalǵan tapsırmalar.

Jámlew hám bolımsızlıq almasıqları, olardıń imlası. Gáptegi sintaksislik xızmetine baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar. Belgisizlik almasıqları.

Berilgen tekst penen tanısıw. Teksttiń quramınan onıń bólimlerine silteme beriwshi til birliklerin ajıratıw, olardıń wazıypasın anıqlaw menen baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar.

Tekst hám sózlikler ústinde islew. Kelbetliklerdiń imlası, olardıń qurılısı, jasalıwı, mánileri ústinde islew.

Bir kesellikten emleniw boyınsha berilgen usınıslardı sxema, súwret formasında súwretlew. Berilgen ónimlerdiń quramına tıykarlanıp olardı paydalı hám paydasız ónimlerge ajıratıw menen baylamslı shınıǵıw hám tapsırmalar.

**Gúres - milliy sport túri (gúres tariyxı, milliy dástúrler) 2 saat**

Sport tarawına tiyisli atamalar, dástúr hám qádiriyatlardı ańlatıwshı til birlikleri, olardıń aytılıwı hám imlası menen baylamslı shınıǵıw hám tapsırmalar. Kelbetliklerdiń imlası, olardıń qurılısı, jasalıwı, mánileri ústinde islew. Feyillerdiń formaları, máhál, bet- san qosımtaları, olardıń bayanlamwı, imlası, hám aytılıwı menen baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar.

Berilgen tekst quramınan sport penen baylanıslı atamalar hám dástúr hám qádiriyatlardı ańlatiwshı til birliklerin ajıratıw, olardıń mánileri menen tanısıw.

Tirkewish, dáneker hám janapaylardıń wazıypası hám imlası.

Tirkewishlerdiń sóz ishinde hár qıylı mánilerdi ańlatıwı. Tirkewishtiń dáneker hám janapaylardan ózgeshelikleri. Olardıń gáptegi atqaratuǵın xızmetleri.

Berilgen teksttiń tiykarǵı ideyasın anıqlaw, bul ideyanı júzege shıǵarıwshı tekst bólimlerin ajıratıw. Teksttiń dúzilislik bólimlerindegi til birlikleriniń qollanılıwına baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar. Tekstten sinonim mánili, tuwra hám awıspalı mánili, atlıqlasıp kelgen til birliklerin anıqlaw.

Sport temasına tiyisli berilgen sáwbet tekstin jaratıw, ondaǵı múrájattı bildiriwshi til birlikleri, taraw menen baylamslı atamalardan paydalanıw. Dialog jazıw qaǵıydaları.

**Baqlaw jumısı hám onı tallaw (1 saat)**

## IV BÓLIM. KÁSIBIM – MAQTANÍSHÍM (6 saat )

**Keleshek kásipleri (házirgi hám burınǵı kásipler arasındaǵı ózgeshelikler, keleshekte qaysı kásiplerge kóbirek zárúrlik bolıwı) 3 saat**

Súwretler tiykarında jumıs islew, sorawlarǵa óz sózleri menen juwap qaytarıw, sáwbetlesiwge baylamslı tapsırmalar.

Tirkewishlerdiń shıǵısı boyınsha túrleri. Olardıń atawısh yamasa feyillerden ózgeshelikleri.

Belgili bir kásipti iyelew, onıń jaqsı hám unamlı tárepleri boyınsha tekst dúziw.

Teksttegi ózlestirilgen sózler, olardıń aytılıwı hám imlası. Berilgen tekst quramınan ózlestirilgen sózlerdi anıqlaw, olardıń mánileri menen tanısıw. Olardı aytqanımızda qanday seslik qubılıslardıń júz beretuǵınlıǵın anıqlawǵa baylanıslı tapsırmalar. Tekst penen baylanıslı kishi sózlik jaratıw.

Jańa dáwir kásipleri haqqında maǵlıwmatlar toplaw, olar ústinde ámeliy shınıǵıwlar, tapsırmalar islew.

Tekstti mazmunlıq hám grammatikalıq tallaw islew. Onnan feyillerdiń qurılısına qaray túrleri hám olardıń imlası menen baylanıslı shımǵıw hám tapsırmalar. Berilgen tekst quramman juwmaq shıǵarıw, juwmaqtı tekstte berilgen waqıya-hádiysege baylanıstıra alıwǵa baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar.

Tirkewishlerdiń wazıypası hám imlası. Olardıń belgilengen seplikler menen kelip, olar menen qaysı bir mánini ańlatıp keliwi. Olar qatnasqan gáplerdi talqılaw.

Kásiplik bayramlar menen baylamslı qutlıqlaw xat jazıw. Onda qutlıqlaw xatın jazıwda qollamlatuǵın til birliklerine ámel etiw.

**Veterinar (veterinar hám veterinariyanıń áhmiyeti haqqında) 3 saat**

Teksttegi ózlestirilgen sózler, shıpakerlikke baylanıslı til birlikleri menen tanısıw. Olardıń aytılıwı hám imlasına tiyisli shınıǵıw hám tapsırmalar. Berilgen tekst járdeminde veterinar kásibiniń tiykarǵı wazıypaları menen tamsıw. Tekstten gózlengen maqsetti ańlay alıw, ol qanday kontekstte jazılǵanlıǵın tabıw menen baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar.

Tekst ústinde sózlerdiń mánisi hám morfologiyalıq qollamlıwına baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalardı islew.

Dáneker hám onıń qurılısı boyınsha túrleri. Dánekerlerdiń mánisi hám xızmetine qaray túrleri. Dánekerlerdi ónimli paydalanıwǵa baylanıslı tekstler jazıw. "Haywanlarǵa atlar qalay tańlap alınǵan?" temasında sáwbet. (qurbaqa, keklik, ǵarǵa ...)

Dóretiwshilik diktant jazıw. Berilgen sózlerden durıs, orınlı paydalana alıw.

Tirkewish hám dánekerlerden durıs paydalanıwǵa baylanıslı tapsırmalar.

Tıńlanǵan audiometerial tekstiniń áhmiyetli jerlerin (orınların) belgilew, tekst mazmunına sáykes keliwshi sorawlardı tańlay alıw, teksttıń mazmunına óz múnásibetin bildire alıw menen baylanıslı shımǵıw hám tapsırmalar.

**Baqlaw jumısı hám onı tallaw (2 saat)**

## V BÓLIM. JAS EKONOMIST (5 saat )

**Maqsetli qárejetler (puldı anıq maqset penen jıynaw hám sarplaw, puldı sarplaw arqalı onı tejewge boladı ma?) 3 saat**

Bank-finans tarawına tiyisli til birlikleri, pul, onıń áhmiyeti, Tarawlar menen baylanıslı atamalar anıqlaması, berilgen atamalar járdeminde tema menen baylamslı awızsha tekst jaratıw.

Tirkewish, dáneker hám janapaylardıń wazıypası hám imlası. Berilgen tekst quramınan dánekerlerdi tabıw, olardı mánisine qaray túrlerge ajıratıw shınıǵıwları Feyillerdiń múnásibet formaları. Máhál, bet-san qosımtaları, olardıń bildiriliwi, imlası, hám aytılıwı menen baylanıslı shımǵıw hám tapsırmalar.

Baǵındırıwshı dánekerler, olardıń xızmeti. Dánekerlik xızmettegi sózler. Olardıń gáplerdi baylanıstırıwda bergen mánileri.

"Ózimiz de sóz shaqapların payda ete alamız" temasında báseke. ( hárkim – almasıq, hár kúni – ráwish, hár kúngi - kelbetlik )

Puldı maqsetli hám únemli jumsawǵa baylanıslı jazba yamasa awızeki formadaǵı tekstlerdi jaratıw.

Isbilermenlikke baylanıslı tekstti talqılaw. Tekst ústinde islew. Ónimlerdi táriyiplewge baylanıslı tapsırmalardı orınlaw. Kúndelikli ǵárejetler dizimi. Biznes-joybar dúziw. Bunda geypara nárselerdi túsindiriw yamasa belgili predmet, hádiyse haqqında maǵlıwmat jetkeriw maqsetinde pikirler hám argumentlerdi dálilli maǵlıwmatlar menen tiykarlap jazıw shınıǵıwları.

Janapay hám onıń túrleri. Janapaylardı gáp ishinde durıs qollanıwǵa baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar islew

**Atamnıń pensiyası (pensiyanıń qanday jıynalıwı, pensiya jasları ) 2 saat**

Teksttegi birlikleri, olardıń mánileri. Tekstler quramınan ádebiy hám awızeki sóylew stilindegi sózlerdi ajıratıw, qarım-qatnastı ornatıwshı sózlerdi anıqlaw. Kómekshi sózlerdi anıqlaw.

Ayırıw-sheklew janapayları, olardıń mánileri.

Ayrırıw-sheklew janapayların anıqlaw, olardı erkin qollana alıwǵa baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar.

«Dostım qanday perzent?» temasında unmalı yamasa unamsız mazmundaǵı kórkem tekst jaratıw, olardı talqılaw.

Kúsheytiw janapayları, olardıń gáptegi beretuǵın mánileri.

Tekst ústinde islew, teksttiń bólimlerin túsiniw, teksttegi baylanıstırıwshılıq xızmettegi kómekshi sózlerdi anıqlaw, olardı sinonimlik jaqtan basqalarına almastıra alıwǵa baylanıslı tapsırmalar.

**Bekkemlew (1 saat)**

## VI BÓLIM. PÁN HÁM TEXNOLOGIYALAR (4 saat )

**Fizika turmıstı jeńillestiredi (álem fizikalıq nızam tiykarında bar) 2 saat**

Fizika pánine tiyisli atamalar, olardıń aytılıwı hám imlası. Berilgen tekstler quramınan sonday atamalardı ajırata alıw, olardıń mánilerin sózlik járdeminde anıqlaw menen baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar.

Teksttegi kómekshi sózlerdi, seslik qubılıslar, dórendi sózler hám sóz shaqapların anıqlawǵa baylamslı tapsırmalar. Irkilis belgileriniń qoyılıwma túsinik beriw.

Súwretler ústinde ámeliy jumıs islew. Súwretlerdi tekstke sáykeslestirip qollana alıwǵa baylanıslı tapsırma.

Modal sózler. Olardıń quramına kiretuǵın sózler. Modal sózlerdiń gáptegi xızmeti. Modal sózlerdi durıs qollana alıwǵa baylanıslı shınıǵıwlar.

Tekstlerdiń mazmunın ashıp beriwshi tema qoya alıw.

Leksikografiya tarawı. Enciklopediyalıq sózlik hám olardıń áhmiyeti.

«Men robot jaratsam» temasında sáwbetlesiw.

Berilgen videomaterialdan zárúr orınlardı atap kórsetiw hám de bul maǵlıwmatlardı jazba, grafikalıq hám súwret kórinisinde ańlata alıw menen baylamslı shımǵıw hám tapsırmalar.

**Alisa, Sofiya, Siri. Olar kim**? Jasalma sanaǵa iye robotlar qalay sóylesedi. "Biz jazǵan tekstlerde qanday maǵlıwmatlar saqlanadı?" teksti ústinde islew. Sóylew kónlikpesin jetilistiriw. Sóylewde modal sózlerden ónimli paydalanıw. Tekstti óz sózi menen qayta jaza alıw kónlikpesin qáliplestiriw.

**Elektromobil (kem qárejet, ekologiyalıq zıyansız avtomobiller) 2 saat**

Súwretler tiykarında jumıs islew. Avtomobiller hám olardaǵı dáwir talabına qaray ózgerisler haqqında pikir almasıw. Teksttegi ajıratılǵan birlikler ústinde tapsırmalardı orınlaw.

Tańlaq. Tańlaqtıń qurılısı boyınsha túrleri. Olardıń jasalıw jolları. Tańlaqtıń qurılısı boyınsha túrlerin anıqlawǵa arnalǵan shınıǵıw hám tapsırmalar.

Tańlaqtıń mánilik túrleri. Tuyǵı-sezim tańlaqları, buyrıq hám úrp-ádet tańlaqları. Olardı durıs hám orınlı qollanıwǵa baylamslı shınıǵıw hám tapsırmalar islew.

Logotip ne ushın kerek? Logotiplerdiń áhmiyeti, olardıń bildiriliw usılları haqqında sáwbetlesiw.

Mekeme, shólkem yamasa belgili kompaniyalardıń logotipleri haqqında sáwbetlesiw formasındaǵı dialog dúziw, dialogta qollanılǵan kómekshi sózler menen modal hám tańlaq sózlerdi anıqlay alıwǵa baylanıslı tapsırmalar.

## VII BÓLIM. TIL HÁM KEWIL (6 saat )

**Erkin sóyleymen (sóylewdi jetilistiriw, kópshilik aldında shıǵıp sóylew, sóylew stilin payda etiw yamasa eliklew) 3 saat**

Qaraqalpaq tiliniń nızam-qaǵıydalarına ámel ete otırıp, túrli jaǵdaylarda tásirli hám durıs sóyley alıw, bunda aytılıw qaǵıydalarına ámel qılıwǵa tiyisli shınıǵıwlar. Kópshilik aldında sóz sóylew qaǵıydaları menen tanısıw, olardı ámelde qollay alıw menen baylamslı shınıǵıw hám tapsırmalar.

Eliklewish, seske hám kóriniske eliklewish sózler. Olardıń mánileri boyınsha shınıǵıw hám tapsırmalar. Eliklewishtiń sintaksislik xızmetin anıqlawǵa arnalǵan tapsırmalar.

Sintaksis. Jay gáp. Jay gáptiń bildiriliw jolları. Bas hám ekinshi dárejeli aǵzalardıń qatnasına qaray jay gáplerdiń túrleri. Gáp aǵzaları. Bas aǵzalar hám ekinshi dárejeli aǵzalar.

Tekst mazmunın túsiniw, sóz hám omń qúdiretin ańlay alıw, sóylewshiniń bet-sanın ózgertken halda qayta gúrrińlese alıw.

Shayır hám jazıwshılardıń dóretiwshiligi boyınsha tekstler ústinde islew. Tekstlerdiń bólimlerin ajıratqan halda talqılaw, olarda belgili grammatikalıq talaplar tiykarmda berilgen til birliklerine talqılaw jasaw.

**Baqlaw jumısı hám onı tallaw. (2 saat)**

**Jazıwshı bolıw ańsat pa? (Jazıwshılıq, onıń kásip sıpatında ózgeshelikleri hám qıyınshılıqları) 3 saat**

Kórkem dóretiwshilik barısı menen baylanıslı til birlikleri, olardıń mánileri menen tanısıw. Awıspalı mánili sózler, olardıń qollanılıwı, pikir bildiriwde awıspalı mánidegi sózlerdiń áhmiyetine baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar. Teksttegi til birliklerine sintaksislik tallaw alıp barıw.

Gáp aǵzalarınıń dúzilisi boyınsha túrleri. Jay, qospa, keńeytilgen aǵza. Olardı gáplerden anıqlawǵa arnalǵan shınıǵıw hám tapsırmalar.

Baslawısh hám bayanlawısh. Bas aǵzalardıń ózara baylanısı. Olardı durıs qollana alıwǵa baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar islew.

Hár qıylı sharayatlarda sóz qollanıw sheberligi. Orınsız sóz paydalanıw jaǵdayları boyınsha ámeliy tapsırmalar orınlaw.

"Men unatqan shıǵarma" temasında dóretiwshilik tekst jaratıw, qaraqalpaq tiline tán bolǵan idioma, kórkem súwretlew quralları, naqıl-maqal hám aforizmlerdiń tekstke qosatuǵın úlesin anıqlay alıwǵa tiyisli tapsırmalar.

Jazıwshı hám shayırlardıń dóretiwshiligi, olardıń shıǵarmaları boymsha eske túsiriwler menen tanısıw. Teksttegi til birliklerin talqılaw.

## VIII BÓLIM. TARIYX ǴÁZIYNELERI (5 saat )

**Ashıq aspan astındaǵı muzey (tariyxıy orınlar, Mizdaqxan tariyxı, turizm) 3 saat**

Tekst hám onıń mazmunın túsiniwge arnalǵan tapsırmalar.

Baslawısh hám bayanlawıshtıń kelisiw, orın tártip hám intonaciya arqalı baylanısı. Baslawısh hám bayanlawıshtıń qaysı sóz shaqabınan bildiriliwi, olardıń sintaksislik baylanısı tiykarında shınıǵıw hám tapsırmalardı orınlaw.

Qaraqalpaqstanda turizm hám onı jolǵa qoyıw máselelrine baylanıslı sáwbetlesiw. Kishi tekstler ústinde ámeliy jumıslar, tapsırmalar islew.

Baslawısh penen bayanlawıshtıń arasına sızıqshanıń qoyılıwı.

«Turizm hám onıń áhmiyeti» degen temada tekst dóretiw.

Qaraqalpaqstandaǵı rayon atamalarınıń atamaları nege házirgi atı menen atalıwı haqqındaǵı tekst penen islew.

Tariyxıy ormlar sáwlelengen súwret yamasa videomaterial tiykarmda xarakteristikalıq tekst jazıw, bunda kerekli til birliklerinen orınlı paydalanıwǵa tiyisli tapsırmalar.

**Temir jollar (temir jollar tariyxı, poezdlardıń rawajlanıwdaǵı ornı) 2 saat**

Transport penen baylanıslı til birlikleri, olardıń aytılıwı hám imlası. Qatar kelgen dawıslı hám dawıssız sesler qatnasqan sózler, olardıń aytılıwı hám imlası menen baylanıslı shmıǵıw hám tapsırmalar.

Tolıqlawısh hám onıń bildiriliwi. Tolıqlawıshtıń túrleri. Olardıń gáptegi xızmeti boyınsha shınıǵıw hám tapsırmalar.

Temir jol tariyxı, temir jol leksikası haqqındaǵı informaciyalıq tekstler menen tanısıw. Tekst boyınsha sáwbetlesiw.

Tolıqlawıshlardan ónimli paydalanǵan halda temir jollar boyınsha kishi kólemli informaciyalıq tekstler jaratıw.

**Bekkemlew (1 saat) Baqlaw jumısı (1 saat)**

## IX BÓLIM. KÓRKEM ÓNER HÁM MÁDENIYAT (5 saat )

**Memuarlıq shıǵarmalar qanday boladı? (memuar, memuar jazıw kónlikpeleri) 3 saat**

Memuar sóziniń anıqlaması, onıń qollamlıwı boymsha informaciyalıq tekst ústinde jumıs islew. Súwretler tiykarında sáwbetlesiw.

Omonimlik turaqlı sóz dizbekleri. Olarda bildirilgen mániler ústinde islew menen baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar.

"Jetimniń júregi " – memuarlıq shıǵarmasınan alınǵan úzindiniń tolıq mazmunına tallaw jasaw, ondaǵı qollanılǵan til birliklerine sıpatlama beriw, tapsırmalardı jazba hám awızeki ormlaw.

Anıqlawısh. Jupkerlesiwshi hám úylesiwshi anıqlawıshlar. Olardıń bir-birinen ózgeshelikleri.

Ómirbayannıń kórkem sáwlesi, onıń rásmiy ómirbayannan ózgesheliklerin ajırata biliw menen baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar. Ómirbayannıń kórkem kórinisinde qollanılatuǵın til birliklerinen paydalanıw, bas háripler imlasına (shımbaylı, xojelishi) tiyisli shınıǵıw hám tapsırmalar.

Tekstlerdi qayta jaza alıw qábiletin asırıwǵa baylanıslı tapsırmalardı orınlaw.

**Dańqı dastan festival (II Xalıqaralıq baqsılar festivalı, jırawlar, festival tariyxı) 2 saat**

II xalıqaralıq baqsılar festivalı haqqındaǵı informaciyalıq tekst, teksttiń mazmunı onıń bólimlerindegi til birliklerine sıpatlama beriwge baylanıslı tapsırmalar.

Ayqınlawısh. Onıń anıqlawıshtan ózgesheligi. Ayqınlawısh penen ayqınlanıwshı aǵza boyınsha shınıǵıw hám tapsırmalardı orınlaw.

Minezleme jazıw qaǵıydaları, onı jazıwda kerekli stil, til birliklerinen paydalanıw, arnawlı bir formada berilgen is qaǵazların toltırıw menen baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar. Minezlemeniń kórkem shıǵarmada avtordıń óz qaharmanına bergen kórkem minezlemesinen ózgesheliklerin biliw.

**Baqlaw jumısı hám tallaw (2 saat)**

## X BÓLIM. HAQ – HUQÍQÍMÍZ. (5 saat )

**Nızam shıǵarıwshı organlar (Oliy májilis, parlament, nızam shıǵarıwshı organlar) 2 saat**

Nızamshılıqqa tiyisli atamalar, olardıń aytılıwı hám imlası. Nızamshılıqqa tiyisli atamalardı berilgen tekst quramınan anıqlaw, olardıń mánisin tekst mazmunı járdeminde amqlaw, óz túsiniklerin túsindirme sózlik járdeminde tekseriw menen baylamslı shınıǵıw hám tapsırmalar.

Pısıqlawısh. Omń bildiriliwi. Basqa aǵzalardan tiykarǵı ózgesheliklerine arnalǵan shınıǵıw hám tapsırmalar.

Orın, waqıt, sın pısıqlawıshları. Olardıń gápte qollamlıwı, bildiriliwi, xızmetine baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar.

Daǵaza hám onıń jazılıw usılları. Daǵazada qollanılıwshı til birlikleri menen tanısıw. Berilgen temada daǵaza jazıw. Bunda daǵaza jazıw qaǵıydaları hám kerekli til birliklerin qollanıwǵa baylanıslı tapsırmalar.

**Avtorlıq huqıqı (patentlew, avtorlıq huqıqları, plagiatlıqqa jol qoymaw) 2 saat**

Avtorlıq huqıqı boyınsha informaciyalıq tekst ústinde jumıs islew. Sorawlar boyınsha sáwbetlesiw. Ózlestirilgen sózler, huqıqıy atamalar, olardıń aytılıwı hám imlası. Berilgen tekst quramınan ózlestirilgen sózler, huqıqıy atamalardı ajıratıw, olar mániin sózlik járdeminde anıqlaw menen baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar.

Muńdar-dáreje, sebep, maqset, qarsılas, shárt pısıqlawıshları. Olardıń bildiriliwi, sorawları. Gápten pısıqlawısh túrlerin anıqlawǵa baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar.

Kóshiriw - jaman illet ekenligine tiyisli tekst jaratıw. Óz pikirlerin hám argumentlerin dálillep tolıq maǵlıwmatlar menen tiykarlap jazıw, óz jazıwınıń tásirsheńligin asırıw maqsetinde kórkem hám ritorikalıq qurallardı qollay alıw menen baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar.

Tekst hám sózlikler ústinde islew. "Internet pe yamasa kitap pa?" temasındaǵı tekst menen tanısıw hám dánekerler boymsha analiz islew.

"Tań atıp kiyatır!" temasındaǵı reńli foto súwretler kompleksi tiykarmda kórkem tekst dúziw, onda dáneker sózlerden paydalanıw hám anıqlama beriw.

Usınısnama jazıw. Usınısnama jazıwda qollanılatuǵın til birlikleri, olardıń jazılıwınan tiykarǵı maqset, imla qaǵıydalarına ámel etiw menen baylanıslı shınıǵıw hám tapsırmalar.

## XI BÓLIM. JÍL DAWAMÍNDA ÓTILGENLERDI TÁKIRARLAW (3 saat)

Bul saatlarda oqıwshınıń jıl dawamında alǵan oqıp, esitip túsiniw, awızsha hám jazba sóylewge tiyisli bilim, kónlikpe hám ilmiy tájriybeleri sınawdan ótkeriledi. Sınaw nátiyjeleri tiykarında qosımsha bilimlendiriwge tiyisli jumıslar ámelge asırıladı.

**Baqlaw jumısı hám onı talqılaw 1 saat**